ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№209 (22.867) • 2014 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 18, щэбэт • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Харченкэ Ю.И. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыхь зиІэ и ухуакІуэ» щІэ лъапІэр фІэщыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Илъэс куэд лъандэрэ дагъуэншэу зэрылажьэм икІи республикэм и транспорт Іэнатіэм зегъэужьыным къаруушхуэ зэрырихьэлІам папщІэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыхь зиІэ и ухуакІуэ» щІэ лъапІэр фІэщын **Харченкэ Юрий Иван и къуэм** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм транспортымкІэ, связымрэ гъуэгу хозяйствэмкІэ и министрым и къуэдзэм.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2014 гъэм жэпуэгъуэм и 16-м
№209-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я Іуэхухэмкіэ управленэм и унафэщІым теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

1. Иджыпсту иІыгъ къулыкъур щхьэщыхауэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я Іуэхухэмкіэ управленэм и унафэщІу гъэувын **Кьалэ Замир Іэуес и къуэр**.

2. Мы Указым къару егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2014 гъэм жэпуэгъуэм и 16-м
№210-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщым и къуэдзэм - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм щІыпІэ самоуправленэм и Іуэхухэмкіэ и управленэм и унафэщІу теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщым и къуэдзэу - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм щІыпІэ самоуправленэм и Іуэхухэмкіэ и управленэм и унафэщІу гъэувын **Сарбашевэ Светланэ Магомет и пхъур**.

2. Мы Указым къару егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2014 гъэм жэпуэгъуэм и 17-м
№212-УГ

Къэралым и художник цІэрыІуэу зэрыщытыр къалъытэ

Хэкум и щэнхабзэмрэ гъуэзджэмрэ зегъэужьыныкІэ фІыщІэ ин зэрыбгъдэдэуыр икІи илъэс куэд лъандэрэ дагъуэншэу зэрылажьэр къалъытэри, Урысей Федерацым и Президентым 2014 гъэм щыщхьэуІум и 14-м къыдигъэкІа Указ №568-мкІэ «Урысей Федерацэм щІыхь зиІэ и художник» щІэ лъапІэр къыфІащащ ди республикэм и художник пажэхэм ящыщ, «Урысейм и Художникхэм я союз» урысейпсо творческэ жьилагъуэ зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ къудамэм хэт **Кочергин Владимир Василий и къуэм**.

● Къэрал къулыкъущІапІэхэм

КъБР-м и Іэтащхьэр лэжьыгъэ Іуэхукіэ хуэзащ «Кавказ Ищхъэрэм и курортхэр» зэгухьэныгъэм и унафэщІым

БлэкІа махуэку махуэм КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий республикэм и Правительствэм и Унэм щыхуэзащ «Кавказ Ищхъэрэм и курортхэр» акционер зэгухьэныгъэ зэІухам и генеральнэ директор Верещагин Сергей. ЗэІущІэм щытепсэлъыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и турист-рекреацэ комплексым зегъэужьыным хуэгъэзауэ лъэныкъуитІыр зэрызэдэлажьэнум.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-ІуэхущІапІэ.

● ЗэІущІэхэр

Властым псэукІэ тэмэм къызэригъэпэщын хуейщ

УФ-м и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щІынальэм щыІэ Меликов Сергей апхуэдэу Псыхуабэ щыжиІащ федеральнэ щІынальэ ХьыбарегъащІэ Іэнатіэхэм я журналистхэм щахуэзам.

СТАВРОПОЛЬ краймрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэмрэ я Іэтащхьэхэр иджыблагъэ зэрыхахам я гугъу щищІым, Меликовым къыхигъэщащ КъБР-м и Іэтащхьэм пщэрылъ къыщащІа къалэнхэр пІалъэкІэ игъэзэщІэху игъэлъэгъуа политикэ Іуэху бгъэдыхьэкІэр КІуэкІуэ Юрий къызэрыдищтэр.

Полпредыр къытеувыІащ Кавказым и экономикэм зиужьын, промышленностыр, мэкъумэш Іэнатіэр ефІэкІуэн папщІэ гъуэгум ехьэлІа Іуэху куэд зэрызэфІэгъэкІыпхьэр. «Ар машинэ зрикІуэ гъуэгуэм я зэкъуэкъым, атІэ гъущІ гъуэгуэхэр, авиацэр зыхуей хуэгъэзэапхъэщ. Зыхъумэжыныгъэ промышленностым ехьэлІа заводхэр, Тырныауз бгы-обогатительнэ комбинатыр е Ставропольем и Іуэхущапіэ щІэныІуэхэр къэрал пСом фейдэ къыхуахьу лэжьэфынущ», - дыщІигъуащ абы.

ЛІыщхьэм къыхигъэбелджылыкІащ экономикэ зыужьыныгъэм, унэтІныныгъэ гуэрхэр хэбубыдыкІ мыхъуу, Іуэхугъуэ зыкъом къызэщІиубыдэу убгъэдыхьэн зэрыхуейр.

БОЛЭТ Хьэрэбий.

● КъБР-м и Парламентым и Президиумым

Зэхъуэкіыныгъэхэр халъхьэ

КъБР-м и Парламентым и Президиумым и зи чэзу зэІущІэм мыхьэнэ ин зиІэ Іуэхугъуэ зэмылІэужьыгъуэхэм щыхэплъащ.

ХАБЗЭУБЗЫХУ орган нэхъыщхьэм и регламентым къызэригъэувым ипкъ иткІэ, КъБР-м и Парламентым и Унафэщ **Егоровэ Татьянэ** Парламентым и Президиумым и пащхьэ къырихьащ Парламентым и Аппаратым и унафэщІу Фочыщ Наталье гъэувыным и Іуэхур. Ар щагирэзэщІыхум Егоровэм къыхигъэщащ Фочыщ Іэр Іуэхум фІыуэ зэрыщыгъуаазэр.

- Наталье Хьэсэн и пхъур Парламентыр къызэрызэрагъэпэщ махуэрэ Аппаратым щолажьэ, икІи абы щекІуэкІ Іуэхухэр зыми хуэмыдэжу ещІэ. И Іэщ Іагъэм кууэ зэрыхищІыкІым, лэжьыгъэм зэрыхуэмыщхьэхым, жэуапІыныгъэ зэрыхэлъым къыхэкІкІэ, абы пщІэ къыхуащІ депутатхэми Аппаратым щыІэхэми, - жиІащ Егоровэм.

Спикерым къыхилъхьа Іуэхур депутат псоми зэдэарэзыуэ даІыгъащ икІи Наталье и Іэнатіэщ Іэм ехьулІэныгъэхэр щиІэну ехьэхьащ.

Президиумым хэтхэр зэІущІэм щедэІуащ КъБР-м и Парламентым Экономикэмкіэ, инвестицэхэмрэ хьэрычэт Іуэхумкіэ и комитетым и Іэтащхьэ **Іэпщэ Заур** «2012 - 2015 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэм теухуа Іуэхухэр гъащІэм хэпща зэрыхъум теухуауэ» Правительствэм и Унафэр зэрагъэзащІэм щыщу 2014 гъэм къриубыдэу КъБР-м и къэрал программэхэм къыщыгъэлъэгъуа Іуэхугъуэхэм ахъшэ зэрыхухахым и Іуэхукіэ жиІахэм.

Щытыкіэр зэпкъраха нэужь, КъБР-м и Парламентым и комитетхэм, министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ ящІыгъуу, я пщэ далъхьащ КъБР-м и къэрал программэхэм ахъшэр зэрыхухахым кІэлъыплъыну. Апхуэдэуи КъБР-м и Правительствэм 2015 гъэм и бюджетыр щызэхилъхьэкІэ, 2016, 2017 гъэхэм ятещІыхьа мылъкур щиубзыхыкІэ, экономикэ Іэнатіэхэм нэхъ ехьэлІа къэрал программэхэм ахъшэ хухэхьныр къызэрыльатэхъэр жаІащ.

Парламентархэр хэплъащ УФ-м и нэгъуэщІ хэгъуэгуэхэм къагъэхьа хабзэубзыхуэ зыбжанэм. Ахэр ехьэлІат ямыгъэІэпхъуэ мылъкум теухуауэ щІэныгъэ хуитыныгъэр къэралым щегъэтхьн зэрыхуейм, УФ-м и Уголовнэ, Псэупіэ кодексэм зэхъуэкІныныгъэхэр хэлъхьэным. Къалэта Іуэхум мыхьэнэщхъэ зэриІэр къалъытэри, Орловскэ областым и Цыхубэ депутатхэм я советым ахъшэщхъэ зезымыгъакІуэ организацэхэм потребительскэ щІыхуэхэр етыным и Іуэхукіэ УФ-м и законодательствэм зэхъуэкІныныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ УФ-м и Правительствэм и Унафэщі Медведев Дмитрий, УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и УнафэщІ Нарышкин Сергей сымэ зэрызыхуагъэзэнyр КъБР-м и депутатхэм даІыгъащ.

Зэрызыхуагъаазэм къыщыгъэльэгъуащ: «Иужьрей зэманым ахъшэшхуэ зезымыгъакІуэ организацэхэм (МФО) щІэупщІэ яІэ хьуащ. Абыхэм ахъшэ щІыхуэ ират зи кредит Іуэхур мыщІагъуэ щыхухэмкІи. Апхуэдэ щІыхуэр куэд мэхъу, МФО-м и Іуэхутхьэбзэ хуэныкъуэхэр нэхъ хуэмыщІакъэрщ. МФО-м щІыхуэ зритхэм ящыщщ фадэм, афияным ирисымаджэхэри. Абыхэм Іуэхущапіэ зыбжанэм ахъшэ щІыхуэхэр къраІых, зэрыраметыжыфынур ящІэу. Ар зымыгъажэм я благъэхэр, Іыхьлыхэр бэлыхь хохуэ».

УФ-м и законодательствэм къигъэувыркъым щІыхуэ къеІызыхым тхылъ гуэрхэр МФО-м ихьын хуейуэ. АтІэ, паспорт закъуэм фІэкІа хэмыту я Іуэхур зэфІокІ. Абы ипкъ иткІэ депутатхэм къагъэув, щІыхуэ и хэхъуэр къыщыгъэлъэгъуа тхылъ Іуэхущапіэм ихьын зэрыхуейр къыхэщу законодательствэм зэхъуэкІныныгъэ хэлъхьапхъэу.

ЗэІущІэм къыщащтащ УФ-м и Президент Путин Владимир УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым Зэрызыхуигъэзам 2014 гъэм и бжьыхьэ сессием зэфІэгъэкІын хуейуэ къыщигъэлъэгъуахэм екъэІлауэ КъБР-м и Парламентым и убзыхуахэр. Парламентым и комитетхэм я пщэ далъхьащ мазищым къриубыдэу ялэжьар тхуэ КъБР-м и Парламентым и спикерым и пащхьэ иралъхьэн хуейуэ.

КъБР-м и Парламентым и зи чэзу зэІущІэр жэпуэгъуэм и 30-м екІуэкІынущ.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущапіэ.

● Щэнхабзэ

Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Музыкэ театрыр къызэІуахыж

Къэбэрдейр Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 400 зэрырикъум и утым жэпуэгъуэм и 16-м щекІуэкІынущ Іуэхугъуэ щхьэпэ. Налшык дэт Медицинэ диагностикэ-чэнджэщ центрым (МКДЦ) Остеопорозым зыщыкъымэныкІэ дунейпсо махуэм ирихьэлІэу къыщыгъэразгъэпэщынущ а узыфэм теухуа чэнджэщхэр щат зэІущІэхэр. АбыкІэ хъыбар къыдигъэщІащ зи гугъу тщІа министерствэм и пресс-Іэнатіэм.

ПШЫХЬЫР къызэІуихащ КъБР-м щэнхабзэмкІэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащІэ Къумахуэ Мухьэдин.

Зэхуэсахэм я гукъыдэжым хагъахьэу зыкъагъэлъэгъащ УФ-м щыхъ зиІэ и артистхэу Ташло Алийрэ Батыр Мухьэдинрэ, Музыкэ театрым и уэрэджыІакІуэ Абэнокъуэ Рустам, нэгъуэщІхэми.

Концертыр зэрекІуэкІам теухуа тхыгъэ тетынущ ди газетым и къыкІэлъыкІуэ къыдэкІыгъуэхэм ящыщ зым.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.

Остеопорозым теухуа чэнджэщ щхьэпэхэр

КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкІэ и министерствэм и жэрдэмкІэ ди республикэм жэпуэгъуэм и 20-м щекІуэкІынущ Іуэхугъуэ щхьэпэ. Налшык дэт Медицинэ диагностикэ-чэнджэщ центрым (МКДЦ) Остеопорозым зыщыкъымэныкІэ дунейпсо махуэм ирихьэлІэу къыщыгъэразгъэпэщынущ а узыфэм теухуа чэнджэщхэр щат зэІущІэхэр. АбыкІэ хъыбар къыдигъэщІащ зи гугъу тщІа министерствэм и пресс-Іэнатіэм.

● Узыншагъэ

ОСТЕОПОРОЗЫМ зэрызыщыпхъумэну щІыкІэм хуэгъэпса чэнджэщхэр зэрыщатынум къыдэкІуэу, дэтхэнэ зыми пщІэнэзу къыхуахутэнущ и къупщхьэхэм я быдагъымрэ ахэр зэрызэхъыбырэ (денсиометрие). Апхуэдэу наІуэ къащІыфынущ остеопороз узыфэр хъуэлІэныкІэ шыпатаГуэ щыІэрэ щымыІэрэ.

Остеопорозым зыщыхъумэныкІэ дунейпсо махуэр 1999 гъэм яГуэвауэ щытащ. Узыншагъэр хъумэныкІэ дунейпсо зэгухьэныгъэм (ВОЗ) къыззэрилъытэмкІэ, цІыхум кьеуалІэ икІи зэрылІыкІ узыфэхэм ящыщу остеопорозым еплІанэ увыпІэр иІыгъщ. Ар зэуэхэм я кІупщхьэхэм быдагъыр яфІокІуэдри, нэхъ щабэ, махэ мэхъу, абы къыхэкІыуи нэхъ къутэрейщ. Бзылъхугъэхэм остеопорозыр къыщыуалІэр илъэс 50-м и ужькІэщ, цІыхухьухэм - илъэс 70 нэужьырщ. Узым зыщыпхъумэн папщІэ, уи узыншагъэм щІэхщІэхыурэ кІэлъыбГъэплъын хуейщ, апхуэдэуи кальций куэду зыхэлъ ерыскъыхэри шхыпхъэщ.

Зи гугъу тщІа узыфэмкІэ чэнджэщхэм хуэныкъуэ псори МКДЦ-м лучевой диагностикэмкІэ и къудамэм жэпуэгъуэм и 20-м сыхьэти 9-м къыщыщІэдзауэ 18 хуэху ирагъэблагъэ. Медицинэ диагностикэ-чэнджэщ центрым и хэщІапІэр: Налшык къалэ, Пироговым и цІэр зезыхьэ уэрам, 4, ешанэ къат, 123-нэ пэш.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

Гу зылъытапхъэ

КъБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм жэщми махуэми щолажьэ коррупцэм пэщІэтыным теухуауэ пІащІэгъуэкІэ щІыхуэр здэпсалъэ хъун телефонхэр: **8(8662) 40-89-70, 40-34-32**.

■ Дифі догъэтъапІэ ■ Малъхъэдис

КЪЭБЭРДЕЙ

Хэку зауэшхуэм хэкІуэдахэр къалъыхъуэж

1941 - 1945 гъэхэм екІуэкІа Хэку зауэшхуэм къыщахьа ТекІуэныгъэр илъэс 70 зэрырикъум зыкъэгъэзыырным хиубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Граждан жылагъуэ Іуэхущапіэхэм ядэлэжьэнымрэ лъэпкъ Іуэхухэмкіэ и управленэм ирегъажьэ Хэку зауэшхуэм хэтахэм ящыщу зыхьыбарыншэу кІуэдахэм я Іуэхур зэрыхъуар зэхэгъэкІыным хуэгъэза лэжьыгъэ.

Абы къыхьыхьэну гукъыдэж зиІэ псоми дольэІу мы адресымкІэ зыкъытхуагъэзэну: 360051, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, унэ №57, етІуанэ къат. Телефоныр: (8662) 77-83-35.

Мы махуэхэм

Жэпуэгъуэм и 18, щэбэт

♦**Азербайджан Республикэм и щхьэхуитыныгъэм и махуэщ**

♦**Самарканд (Узбекистан) къалэм и махуэщ**

♦1967 гъэм «Венера» совет хьэрш аппаратыр Венерэ планетэм тетІысхьащ.

♦Къэрал лэжьакІуэ, политик Іэзэ, КъБР-м и япэ Президенту щыта **КІуэкІуэ Валерий** къызэралъхьэ илъэс 73-рэ ирокъу.

♦Медицинэ щІэныгъэхэм я доктор, РАЕН-м и академик, КъБР-м и цІыхубэ дохутыр **ХьэщІыкІу Борис** и ныбжьыр илъэс 72-рэ ирокъу.

♦КъБР-м гъуэзджэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Емкъуж Лиуан** и ныбжьыр илъэс 56-рэ ирокъу.

♦«Адыгэ псалъэ» газетым жэуап зыхь и секретарь **Гъурыжь Мадинэ** къыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэртехьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 16 - 17, жэщым градус 11 - 12 щыхъунущ.

Жэпуэгъуэм и 19, тхьэмахуэ

♦**Авиадиспетчерым и дунейпсо махуэщ**

♦**Ерыскъы промышленностым и лэжьакІуэм я махуэщ**

♦**Гъуэгум елэжьхэм я махуэщ**

♦1097 гъэм Мономах Владимир Урысейр пщыгъуэкІэрэ гъэшныр кьигупсысащ.

♦1812 гъэм, и дзэр ихъумэн мурадкІэ, Бонапарт Наполеон Москва къигъэнэн хуей хуэщащ.

♦1985 гъэм Мэлбахъуэ Тимбэрэ Компартым и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым и Ялпэ секретарь къулыкъум текІащ.

♦Генерал-лейтенант, Урысейм и дзэзешэ адыгэлІ **Уэлэгъей Сергей** къызэралъхурэ илъэси 139-рэ ирокъу.

♦Сирием и къэрал, дзэ къулыкъущІэ, Адыгэ ФІыщІэ хасэм и къызэгъэпэщакІуэхэм ящыщ **Хьэпышт (СтІащ) Мухьэмэд-Алий** къызэралъхурэ илъэси 114-рэ ирокъу.

♦Техникэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **ЛІыбекъуэ Алексей** и ныбжьыр илъэс 59-рэ ирокъу.

♦Мэкъумэш щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъМУ-м и профессор **Шыгунэ Владимир** и ныбжьыр илъэс 56-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэртехьэ-текІыущыщытынущ, пІалъэ-пІалъэкІэ зэрыщІэхъуэ щІыкІэм щыщ. Хуабэр махуэм градусыр 5 - 6, жэщым градусыр 3 - 4 щыхъунущ.

Жэпуэгъуэм и 20, блыщхьэ

♦**Статистикэм и дунейпсо махуэщ**

♦**ПщащІэм и дунейпсо махуэщ**

♦**Дзэ связистым и махуэщ**

♦1880 гъэм Москва циркыр къызэІуахащ.

♦2000 гъэм Шэджэм къалэ хъуащ.

♦Химие щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, КъБР-м щІэныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, ЩІДААА-м и академик **Шурдым Гъэзалий** и ныбжьыр илъэс 80 ирокъу.

♦Къэрал, жылагъуэ лэжьакІуэ, КъБР-м щІыхь зиІэ и юрист **Жыгун Хьэту** къызэралъхурэ илъэс 78-рэ ирокъу.

♦Биологие щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Къущхьэ Хъусен** и ныбжьыр илъэс 76-рэ ирокъу.

♦УсакІуэ, АР-м щІыхь зиІэ и егъэджакІуэ **Мэхъуэш Руслан** и ныбжьыр илъэс 74-рэ ирокъу.

♦КъБР-м щІыхь зиІэ и ухуакІуэ **Хьэжь Руслан** и ныбжьыр илъэс 66-рэ ирокъу.

♦«Адыгэ псалъэ» газетым и корреспондент **ТекІужь Заретэ** къыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык уэфІу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градусыр 6 - 11, жэщым градусыр 5 - 6 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬэКІэмыхъУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Іущыгъэ:

ЕсыкІэ умыщІэмэ, Іупщіа псыми уитхьэлэжьынщ.

Ем и пэм сигу пхуэкъабзэр пэщIэздзыну

Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ усакIуэ Тхьэгъэзит Зубер илъэс 80 ирокъу

Сыт дунейр зэтезыIыгъэр?

Тхьэгъэзит Зубер адыгэ поэзиер зыгъэбжыфIэ ди усакIуэ нэхъ пажэхэм ящыщ. Куэд щIащ абы и творчествар ди лъэпкъ литературэм и тхыдэм едзыгъуэ екIуу зэрыхъуэрэр.

ТХЬЭГЪЭЗИТЫМ тхэн зэрыщIидзэрэ илъэс 60-м щIигъащ. 40 - 50 гъэхэм я зэпыльпIэм ирихьэлIэу курыт еджапIэм щIэс щIалэщIэм и Iэдакъэщ1экI тхыгъэхэр республикэм адыгэбзэкIэ къыщыдэкI газетхэм, «Къэбэрдей» альманахым япэ дыдэу къытехуэу щIедзэ. Зубер и япэ тхылъыр, «Бгым сыдокI» зыфIищар, 1960 гъэм дунейм къытохьэ. Абы мыгувэу къыкIэльокIуэ «Тэрч макъамэхэр», «Джэрпэджэж», «ЩIымрэ уафэмрэ», «Гугъэ», «Къеблагъэ», «Гуапагъэ», «Усыгъэхэр» усэхэр, нэгъэзыщIхэр (адыгэбзэкIи урысыбзэкIи къыдэкIар 20-м щIегъу).

А зэманым къриубыдэу Тхьэгъэзит Зубер СССР-м щыцIэрыIуэ усакIуэ хъуащ, Урысейми щызекIуэ литературэ саугъэт лъапIэхэри къыхуагъэфэщащ. А щIэ лъагэр абы къилэжьащ и гуащIэдэкI хьэлэмкIэ. Зэрысабий лъандэрэ ар псэкIэ хуоладжьэ поэзием и лъагапIэ узыIэпызышэм хуэкIуэ лъагъуэ гугъуэсыгър ерыщу къэхутэным.

Си натIэ дыдэм къегъащIауэ
Хъум бгым зы мывэ къыгуэхун,
КъисIуэ сэ си пIэ сижкьыауэ
Гъэрэуанэр сигу изжыгъэхун!

Апхуэдизу ерыщагъэр ялIыгъэр хэмылъу усакIуэм лъэбакъуэ ича - щыхупIэ лъэныкъуэкIэ игъэзауэ бжы. ЛъагапIэм хуэкIуэ лъагъуэр зэримыутIыпщыным и нэрыгъыу къэпIыхутэ хъунщ мыр:

Зы бгыщхэ си лъэр зэ нэзгъасым,
Гур бгъэм къыщофэ исльэмей.
Iэдакъэжьауэ ещIри - си псэм
Лъыхъуэу щIедзэж нэхъ бгы
къуейщIей.

Апхуэдэщ усакIуэм и Iуэхур. «Дахагъэм и псэр кIыуIуа» закъуэмэ - къэгъэзэж ищIэрэхьым. Гухэль пасэм пэлъытащи, махуэ къэс дэнэ къэна, сыхьэт къэс узыщIеубыдэ.

Гухэль пасэ. Гу. Псэ. Поэзие. Мыхэр зэгъунэгъу къудейкъым, зэIыхьлы дыдэщ. Дауэ щрети, Зубер и лирическэ лIыхьужьым кIэрыщэнэгъуш хуэпшIсэ мащIэу къэхуэгъа мыпхуэдэ хъыбарыр. Ар щIалэ цIынэу гухэль пасэр къыхуепсыхщ, къыхуеблагъэри - и нэкIи и пэкIи и ныбжьэгъуэхэм къаэмыщ хъыджэбз цIыкIу нащхьэкIэ къигъэлъэгъуащ. Абдеж дыдэм къыщыщIэдзауэ щIащэ щIакIуэр тхъэIуэхуду къыхэпежащ. И тепльэми дагъуэ имыIэу. И щIыкIэпи псэм дыхьэу. И псэлъэкIэри жэнэтбзу макъыу. ЩIалэщIэм къыхуэнэжар зыт - псоми къахэлыдыкI а тхъэIухуд закъуэм хуэусэну. И псэм фIыуэ ильэгъуа щIащэ цIыкIур егъэлеяуэ зэрыдадэм куэдрэ тепсэлъыхьа, абы и хъуреягъри мымащIэу къэзыфыхьа щIалэм зы зэман гу лъетэ и мыгъуэ закъуэр щIым зэрытетыр (щIыми нэ лейкIэ еплъу, абыи япэм гу зылъимыта дахагъэ кIэриалъэгъуэ щIедзэ). Мыжьжьэу бгыжьхэри къыщитщ. Бгыжьхэри аращ. Уафэри аращ. МахуэкIэ дымыльагъуу, пшапэр зэрыпзэхуэу, зэщIэпIыщIэу къитIысхьэ вагъуэ цIыкIуэхэри аращ. Псори тельыдэжу дахащэщ - щIыпхьэпIэ узыIэпызышэм къыхэтэджыкIа нэхъыей. Аущ ...

ИкIи а псоми а «аущ» техууа уэ куэд дунейм къытохьэ. Уэсэхэм псэми къакIэлъокIуэ. А псори Лъагъуныгъэм, Гуапагъэм, ЦIыхугъэм къапкырыкIащ. УсакIуэм дахагъэр зэрызыхищIэм къыхэкIащ. Поэзием щIэдзапIэ хуэхъу - хабзэр дахагъэщ. ЩIэн гъуни иIэжьым щIыхур къэзыгъэуреихь дунейм дахагъэу хэлъым. Кьэнэжьр зыщ - ар къэлъагъуи хуейуэ аращ. Зи псэр Iиблис езымщэжа дэтхэнэми хуэзфIэкIынущ а дахагъэр къильагъуну, абыи гукъыдэжрэ дэрэжьгъуэрэ кьритынущ. Ауэ... къилъагъу вгъуэдыкI мыхъуу, а дахагъэр гурэ пэкIэ зыхищIэу езым илъагъумрэ зыхищIэмкIэ нэгъэзыщIым дэгуэшэфыр усакIуэщ:

Дыгъэм, иджыри къыщIэмыкIыу,
КъуэкIыпIэр пльыжьу къриIат,
Сыздеплъым, си гур кьигуфIыкIыу,
Дахагъэм си псэр къиуIат.

«Зыкъэтплъыхьынщи - хэку дахагъэр щабзэщэу ди гум пхыкIынщ», - щыжеIэ Зубер нэгъэущI и зы усэм. Дахагъэм зи гур къиуIа, ар зи гум шабзэпэу пхрыкI усакIуэм и нэр зытеплъэ псом я щэхури къыхуэзIуахьну сыт хуэIуа? Ар къабыи пщыхъумэ, сыт хэлъыж тхыль зэIухам кьриджыкIым хуэдэу Зубер къызэрыбжиIэфынур уи фIэщ пщIыну: Кьэршхэм я гукъуэри, мэзхэм я псыхэхри, псыр зыгъэгузавэри, щIыр хэзыгъапIэри, вагъуэхэр зыгъэкIэзыри...

Удэзыхьэхыу гурыхьщ Тхьэгъэзит Зубер ди нэгу къыщIигъэувэ дунейр. Абы дыгъэр щабэу къыщопс, псыхэр Iэдэбу щокIуэсэщ, жьыбгъэми гуапэу Iэпалъэ къыпхуещI. Пэжщ, дыгъэр пшэм щыщIильэфи, псыхэр къэукъубеяуэ хьэпшIыкIи щикIи кохьэу, ауэ псори зэрызыгъэубдыжк, псори зэрышIэлIэжу зэгурызыгъаIуэ къаруи щыIэщ абы. Ар - щабагъэщ, гуапагъэщ, лъагъуныгъэщ.

Гуапагъэр ару сфIощIыр,
Мы щIыр зэтезыIыгъэр.

Зубер IуплIу зэхех щихуитI зэбгъэдэтым гухэль зэрызэхуаIуатэр, тхъэмпэ цIыкIуитIыр зэрызэпсалъэр. Дауи, ар хэт и дежкIи сыт щигъуи щынэрыльагъуськым. Хэбгъэзыжьмэ, ар шыпсэу къэзыльытэри гъунэжщ. Ауэ, тщIэ-дымыщIэми, гуапагъэр лъагъуныгъэкIэ псыхьауэ щымытамэ, мыпхуэдиз фэсэдыгъэ зытращIыхь щIыр «факъыр» къхъуейуэ» зэгуэщIыу зэрыхэкIуэдэжрэ куэд щIати... УсакIуэ Тхьэгъэзит Зубер ар псэкIэ зыхещIэ. Къэхъугъэм зэи цIегъущкI хъунукъым псэущхьэхэм, къэкIыгъэхэм яку зэхуиль зэрылъэтэныгъэр:

И Iэгу фIыщIэмкIэ щиIэятэу
И Iыгыщ жыгыжьым абгъуэ нэщI.

Дей жыгыр бжэнэхъым, «гур кьиульэту», пошлъэ ар щыкъуртыну зэманым. Абгъуэри хьэшыру хуетыжIий абы къриншину шыр цIыкIухэм, яхуиусыну уэрэдым езыри дэгъэгъэнущ. Апхуэдэу, зэрылъытэрэ зэхуэгъэкIуатэрэ, гуапагъэ рэ лъагъуныгъэрэ яку имылъу, зэдекIуэкIыфынутэкъым щIы щIыIум щIыхум тралъагъуэ псор.

Мы дунеижьыр зэрыщIту
Анэ быдэшым хапIыкIащ.
...Сабийр анэбгъэм хуумыгъэти,-
ЩIыр дыгъэм,
Дыгъэр - щIым пыкIащ.

Ахэр псори - щIыри, дыгъэри, къэкIыгъэхэри, псэущхьэхэри, цIыхухэри - зы бынунагъуэм хуэдэщ. ЦIыхуми лъос хуэфэщэж гулъытэ (езым абы пщIэ хуимыщIми!): щIыр зы дакъикъи псэхугъуэ имыIэу мэджэрэз - и гъуэгуанэр зэ зэпиГъуэмэ, псэ зыIут дунейм къытенэжьнукъыми. Ауэ щыхъукIэ, абы, а щIым, зы хьэтыр гуэр лъысыпхъэтэкъэ? Зубер и «ПщIыхьэпIэ» поэмэм щотхьэусыхапэ ар:

«...Зы хьэдзэ - лъхуэн и нетым -
ЦIхьэмэж сымыщIу фэ фльэгъуа?!
Си гущIэм мащIэрэ къыздзаськым -
Сыигъаскъыну - щэ къэпIуа.
Ауэ зы хьэпшIэ къыдэзгъэкIауэ
Зы ажалышэ фэ фльэгъуа?!»

УсакIуэр зэрепльымкIэ, дунейр нэгъэущI зыгуэр хъужьнут, цIыхуитIым псалъэрэ акъыпрэ эщIагъэуэту есатэмэ.

ЦIыхум япэу и лъэбакъуэр
Зэрыщичрэ мы дунейм,
Ар псэуфыркъым и закъуэ,
Ныщогугъыр зыр адрейм.

ЦIыхугъэм ухуэлажьэурэщ, нэгъэущIым узэригурыIуэн Iэмал къэпIэльыхьэ зэрыдадэм куэдрэ тепсэлъыхьа, абы и хъуреягъри мымащIэу къэзыфыхьа щIалэм зы зэман гу лъетэ и мыгъуэ закъуэр щIым зэрытетыр (щIыми нэ лейкIэ еплъу, абыи япэм гу зылъимыта дахагъэ кIэриалъэгъуэ щIедзэ). Мыжьжьэу бгыжьхэри къыщитщ. Бгыжьхэри аращ. Уафэри аращ. МахуэкIэ дымыльагъуу, пшапэр зэрызэхуэу, зэщIэпIыщIэу къитIысхьэ вагъуэ цIыкIуэхэри аращ. Псори тельыдэжу дахащэщ - щIыпхьэпIэ узыIэпызышэм къыхэтэджыкIа нэхъыей. Аущ ...

ИкIи а псоми а «аущ» техууа уэ куэд дунейм къытохьэ. Уэсэхэм псэми къакIэлъокIуэ. А псори Лъагъуныгъэм, Гуапагъэм, ЦIыхугъэм къапкырыкIащ. УсакIуэм дахагъэр зэрызыхищIэм къыхэкIащ. Поэзием щIэдзапIэ хуэхъу - хабзэр дахагъэщ. ЩIэн гъуни иIэжьым щIыхур къэзыгъэуреихь дунейм дахагъэу хэлъым. Кьэнэжьр зыщ - ар къэлъагъуи хуейуэ аращ. Зи псэр Iиблис езымщэжа дэтхэнэми хуэзфIэкIынущ а дахагъэр къиульагъуну, абыи гукъыдэжрэ дэрэжьгъуэрэ кьриритынущ. Ауэ... къилъагъу вгъуэдыкI мыхъуу, а дахагъэр гурэ пэкIэ зыхищIэу езым илъагъумрэ зыхищIэмкIэ нэгъэущIым дэгуэшэфыр усакIуэщ:

Дыгъэм, иджыри къыщIэмыкIыу,
КъуэкIыпIэр пльыжьу къриIат,
Сыздеплъым, си гур кьигуфIыкIыу,
Дахагъэм си псэр къиуIат.

«Зыкъэтплъыхьынщи - хэку дахагъэр щабзэщэу ди гум пхыкIынщ», - щыжеIэ Зубер нэгъэущI и зы усэм. Дахагъэм зи гур къиуIа, ар зи гум шабзэпэу пхрыкI усакIуэм и нэр зытеплъэ псом я щэхури къыхуэзIуахьну сыт хуэIуа? Ар къабыи пщыхъумэ, сыт хэлъыж тхыль зэIухам кьриджыкIым хуэдэу Зубер къызэрыбжиIэфынур уи фIэщ пщIыну: Кьэршхэм я гукъуэри, мэзхэм я псыхэхри, псыр зыгъэгузавэри, щIыр хэзыгъапIэри, вагъуэхэр зыгъэкIэзыри...

Удэзыхьэхыу гурыхьщ Тхьэгъэзит Зубер ди нэгу къыщIигъэувэ дунейр. Абы дыгъэр щабэу къыщопс, псыхэр Iэдэбу щокIуэсэщ, жьыбгъэми гуапэу Iэпалъэ къыпхуещI. Пэжщ, дыгъэр пшэм щыщIильэфи, псыхэр къэукъубеяуэ хьэпшIыкIи щикIи кохьэу, ауэ псори зэрызыгъэубдыжк, псори зэрышIэлIэжу зэгурызыгъаIуэ къаруи щыIэщ абы. Ар - щабагъэщ, гуапагъэщ, лъагъуныгъэщ.

Гуапагъэр ару сфIощIыр,
Мы щIыр зэтезыIыгъэр.

Зубер IуплIу зэхех щихуитI зэбгъэдэтым гухэль зэрыз

арщ сыщIэпIащIэр, семыблэжу псэм

● Дифl догъэлъапIэ

Хуэфащэ макъкIэ яподжэж

Тхьэгъэзит Зубер хуэпэжщ гумызагъэгъэм и пшынальэм. Абы жану зыхещIэ гъащIэр зэрыIэфIри, пэжыр зэрыльэщри, дунейр зэрыдахэри, цыхьу гумащIагъэр зэрыкIэухынщэри. Абы къыдэкIуэу усакIуэм къыгуроIуэ гъащIэр махуэшхуэ зэфэзэщу зэремыкIуэкIыр, гуфIэгъуэр зыгъэункIыфI къару бзаджэхэр зэрыщыIэр, а къаруэхэм теплъэгъуэ минУ зэрызыкъагъэльагъуэр. Уеблэмэ Зубер и тхыгъэ псори зы тхылъ абрагъуэу зэщIэзыIулIэр фIымрэ бзаджэмрэ яку дэлъ гужьгъэжьхэм я хэпщэкIэрщ. Гуэхэщтынщэ еплъыкIэмрэ гупсысэ жейбащхьэмрэ щIэжеикI усэхэм пасэу къабгъэдэкIащ Зубер. ГъащIэ мытынышм и нобэрей дауэдапщэхэм дуней псор зэрагъэзджызджыр макъамэ нэхъыщхьэу епсыхь усакIуэм. А макъамэр жэщи махуи имыIэжу тхьэкIумэ жанкIэ къиубыдурэ, абы псэ хьэлэлкIэ пэджэж цIыхурщ усакIуэм нэкурэ напIэу иIэр. Сэ хьэолъагъуэ абы ди эзманым щыпашэ цIыху пэрытым и хьэл нэхъыщхьэр. ГъащIэмрэ дунеймрэ цIыхугъэ къабзэкIэ гъэщIэрэщIауэ хъумэнри егъэфIэкIуэнри махуэ къэс зи мурадымрэ лэжьыгъэмрэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и тхакIуэхэм я зэIущIэм хэтщ. *Налшык, 1974 гъэ*

Къэбэрдей усакIуэхэр *(ижьымкIэ къыщегъэжьауэ)* Брай Адэлбий, Тхьэгъэзит Зубер, Жаным Борис, Мысачэ Пётр, Къэжэр Пётр, Гъубжокъуэ Лиуан. *1960 гъэ*

ДЭНЭ щыпIи гъакIуэ, дунейм и фащэ дэтхэнэри кьеГащтэ, и гупсысэр блэкIам и Iэхуэхэмрэ и цIыхухэмрэ хуэгъэзауи щIы, псалъэкIэ къэIуэтэгъуей гурыщIэ Iэфlхэр бзылъхугъэм зэрыхуигъафIэри къэлъытэ - сытым дежи усакIуэм и гъэфIэн цIыхур псэрэ акъылкIэ зэкIуэпIэжьыр иджырей лъхьэнэ зэрызекьэм и тегъэщIапIэ фIыгъуэхэр кIэпсIупс зыщI къару бзаджэхэр зэгъэщIынырщ. А мурадыр цIыху хьэлэлхэм дэнэ щIыпIи щызэдаIыгъщ, ар Iэхуэкlэ хэпщэныр я нэрыгъщ, икIи жьэгу пащхьэ зыхуэпсапIэу къэмынэжу, дуней псом и къару узынышэхэр а мурадым къызэрызэщIиIэтэр бгъуфIэрэ кууу къызэрихутэфырщ Зубер ди эзманым и усакIуэхэм пэбжьыпхъэ зыщIар. УсакIуэм псэкIэ игъафIэ фIыгъуэхэр цIыхубэ хьэлэлым дежкIэ джэрпэджжэу щыIурщ тхэным насып къыщишэр. Зубер хуэпэжщ а хъуэпсапIэр къехъулIэным, тхэн IэщIагъэм и гъуэгуанэ бжьыгъэншэхэм ящыщу нэхъ тэмэм дыдэр къызэрыхихами ар и щыхьэтщ.

ЛъэкIым мурадыр ебэкIыущ дэтхэнэми тхэн къызэрыщIидзэр. УсакIуэ щIалэхэр дзэлъхьэ макъамэ хъэзырхэр мащIэу щытакъым Зубер тхэн щыщIидза лъэхъэнэм, езы лъэхъэнэри тыншэкъым. Щlалэхэм я япэ лъэбакъуэр щачым дежи къызэрымыкIуэу гугъущ гъащIэм и гъуэгуанэ нэхъыщхьэр къубыдыныр, зэман екIуэкIым и тегъэщIапIэ тэмэмхэр къыхэхыныр. Тхэнымрэ лъыхъэнымрэ лъыкIэ зэрызэпхар усакIуэм къызэрыгурыIуэм елъытат шкIэр вы хъунрэ мыхъунрэ. Зи шкIэбжьэ фIэкIыгъуэр хэгува усакIуэхэр зэманым лъэныкъуэ ирегъэз, езыхэм я лъабжьэр фIагъанэ пэтми, гущIэгъу яхуимыщIу.

Хэти щыгъуазэщ усакIуэ нагъэса дэтхэнэми адрейхэм къащхьэщызыгъэкI еплъыкIэрэ бгъэдыхьэкIэрэ зэраIэм. ЩыIэщ зи усэхэм дунейр «фIыцIэрэ» «хужьу» гуэшауэ къыщызыгъэлъагъуэ. Апхэздэхэм я дежкIэ Iуэхур ещхьым екIуу а усэхэм нэгум къыщIагъэувэ дунеймрэ цIыху гъащIэмрэ щекIуэкI къэхъуькъащIэхэр Iэджэу зэрызэпыщIар, я увыпIэкIи зэхъуэжэныр зэрамыхамэр. Ар къэзышэр усэхэм гупсысэ хэгъэзыхьар кьаэзеребэкIыр арагъэнщ, пкъы яхуэхъуа образым емыпIыжу. Языныкъуэхэм деж Зубер икъукIэ хуэIэзэу кьеГъэльагъуэ усэм тэмэму укьеджэн щхьэкIэ образ хэлъхэр нэгъэсауэ кьыупщытэфын зэрыхуейр. Абы щыгъуэми зэхъыщхьэр нэм къиубыд образ пкъыгъуэзэркъым, атIэ гумрэ псэмрэ зыгъэуш, абыхэм зыхащIэ къэIуэтэкIэрщ. Нэщхьеягъуэм и ныбжь зытелъ усэ и мащIэкъым Зубер, сыту жьпIэмэ щIыхур зыщIэгупсысын Iуэхугъуэ мыщхьэпэ дунейм зэримымащIэр усакIуэм къыгуроIуэ. Гум и нэщхьеягъымрэ и нэщхьыфIагъымрэ дапщэщи зыгуэркIэ зэпэлъытащ, щызэхъуажи къохъу, зы тхыгъэм къыщизагъэри мащIэкъым. Фы - бзаджэ, гуапэ - гуауэ, хьэлэл - хьэрэм, кьабзэ - фIей, дахэ - Iей, пэж - пцы, кьинэмыщIкэрэ щыкуэдщ дунейм, ахэр дапщэщи зэпэщIоувэ. Апхэздэхэр я щхьэ течауэ Iэпэкlэ димыгъэльагъуми, усакIуэр йогупсис абыхэм я кэжьыпIэм, я жьыпапхъэм, я къэхъукIэмрэ зекIуэкIэмрэ, фIым и пIэ бзаджэ ивэн щIэхъуэм и щхьэусыгъуэхэм, фIыр ищхьэ къэхъуэн папщIэ гугъуехь куэдым зэрыIуэм, абыхэм «зэрафIэкIыфIым». Бзаджэр къиГъэльагъуэмэ, абыкIэ фIыр нэхъри игъэдэхэныщ дэтхэнэ зы тхакIуэ хьэлэлми и мурадыр. Абыхэм Зубер ягуохъэ.

Зубер и усэхэр пкъыфIэщ, жьы щIэтщ жыхуаIэм хуэдэщ, абыхэм я нэхъыбапIэм кьаГитыр цIыхухэр зэщIэзыIэтэ гупсысэщ, ирахьэжьа Iуэхур тегушхуауэ и кIэм нагъэс, щIагъэхуабжьэ, ди эзманым дэжьджэру зауж. Нобэм и лъынтхуэхэм япкърылъ пэтми, ахэр зэпкъраЛъхьэрэ щIохъуэпс гупсысэ гуащIафIэкIэ зэрызапсыхьыным, къэкIуэнчэ хуопабгъэ, цIыху гъащIэ нэгъэсам и нэщэнэ лъапIэхэр нэхъри гъэбыдэным хьэлэлу хуолажьэ.

АнэдэлъхубзэкIэ тхылъ еджэ псоми куэд щIауэ Зубер яцIыху ди поэзиер цIыхугъэ гуащIэкIэ зыуэдэ нэхъыжьхэм хуэфащIэ макъкIэ япэджжэку. Ауэ сытми япэджжэк къудейкъым: лIыпIэ иува дэтхэнэ усакIуэми хуэдэу, Зубер езым и макъ, и дуней еплъыкIэ, и мурад, и гупсысэ, и псалъэ, и уэрэд къыщIиуIукIащ, и дамыгъэ, лъэужь псоми къатренэ, и бзийкIэ кьеГъэнэху, еблэмэ усакIуэ щIалэхэм абы и тхэкIэм и Iэмал щхьэхуэхэм хуэмыхамэ яхэтщ.

Гупсысафlэ инкIэ тхыгъэр ухыныр нэрыгъ хуэхъащ Зубер, апхэздэ гупсысэр къэгъэщIынным хуолажьэ усэм и Iэпкъльэпкъ псори...

Зубер фIэфIщ тхыгъэм тегъэщIапIэ пэж хуэхъу псалъэ нагъыщхэр къыхихын. Апхэздэ нагъыщхэхэм жану якIэщIэпIельхьурэ заригъэужьын, дунейм и налъэ бзэншэхэр къигъэпсэлъэн. Ар хуэIэзэщ образ щхьэхуэр «зэIипщIыкIыурэ» гупсысэ зэхуэмыдэ къегъэIуэтэным е образ зыбжанэр зэгъуэгъ-зэпэщIэтми, гупсысэщхуэ гуэрым хуэгъэпэжьэным. Уеблэмэ а хьэлэр Тхьэгъэзитым и тхыгъэ нэхъ инхэми щыпхокI.

Тхьэгъэзитым и тхылъхэм яхуэфащэщ ткIийуэ икIи зыубгъуауэ щхьэхуэу кьэпщIэтэныр, сыту жьпIэмэ абыхэм япкърылъ дерэ нэхъыфIэр, кьыззэрытфIэщIыкIэ, ди лирикэр япэкIэ кIуэтэным сэбэн хуэхъунщ.

СОКЪУР Мусэрбий.
1984 гъэ

Тхьэгъэзит Зубер и усэхэр

Деипс

Илъэс бжьыгъэншэу кIуахэм хуэдэу
Дей ноби и щхьэ хуопсэльэж:
Есакъым ар макъамэ хэдэу,
Зыр имыужэгъуу зодэIуэж.

Зы уэрэд фIэкIи игъэIуауэ
Зы цIыху щымыIэ зылъэгъуа.
Ар зи тхьэкIумэм зэ кьиIуаи
Сыхуэмыза сэ зужэгъуа.

Макъамэу гъащIэм щысщIэм
нэхърэ
А зым нэхъыбэ кърегъэкI.
ЕуэршэрылIэу мывэжIащхъым,
Щымыбэ гъащIэ сигу къеГъэкI.

Гъищэ зэрыпсэуам си нанэ
Псы пэгун папщэ къыпхиха?
Ауэ утекIкъым уи гъуэгуанэ, -
Ухьгъэ кIэншэ пхухаха?

СимыгъэлъагъуэкIи угуужауэ, -
Уэрыншэм сфIощI сыхъуну дэгу.
...Къымыхъу сигу щым ущыхъужауэ,
Сэ сыщытетми тенджыз гъуэгу!
1954 гъэ

Пщlыхь Iэфl

Сабиигъуэр си нэгу щIэкIым,
Сэ жэщ кIыхьыр схуримыкъу:
Дадэ пщIантIэр зэщIепхьанкIэ,
Жьыр абы къыдоIэпыкъу.

Нанэ жэмыр къишагъащIэщ,
ШкIащIэр шхуэзым ныщIотIыхь.
Шэ тхъурымбэм си пэр хэщIэу
Фальэм сыIуробзеихь.

Нартыхудэм яшащи мамэ,
Къысхуихьынщ нартыху кIэчан.
Дядэр щыIэщ кIэлъхуоз фермэм,
И гур зэкIэ къэмыча.

А пщIыхь Iэфlхэм сыхьыхьэхукIэ,
Сабиигъуэр согъэщIэж.
...ПызогъэщIыр си жьакIэхури,
Асфальт гъуэгум сытохьэж.

Уэрэдым уиIэтащ

Зэбгъуриту дыкъалъагъуу
Щытащ зэгуэр - кьалэр кьэтщт.
Хамэ и нэ къыптепIьамэ,
Дызэплъыжти - гур къыхьщтт.

Нэкlэ сурэт къыттрахьу,
Блэкl-къыблэкIхэм зыкъагъэщIт:
Сэ къысфIощIт укъыстрахьу,
Сыкъыптрахьн къыпфIещIт.

Сыхэбдзауэ сэ гупсысэ,
Псалъэм сыхэбгъэщIыпхьт.
Пхуэстхырт махуэ и зы усэ:
Куут гурыщIэр, псалъэр кIыхьт.

Хэку

Дакъикъэ закъуи зы пIэм уимызагъэ,
Ушу емышщ -
УмыщIэ уэ махуэл.
Уи гъуэгу бдзэокIур сIыгъыу
уи лъэрыгъыр, -
Уи бынкэм гъуэгу тетыныр хуъащ
я хьэл.

Уэ бий уи куэдщ -
Уэ уи псэм ахэр къощэ.
Си гур къеуэхукIи ем ущысхъумэнщ:
Щрет ар хэтуи -
КъыпхуэзыгъэтIыр мащэ,
Ди адэжь хабзэу мащэм изгъэхуэнщ.

Сэ уяпэ сищым - си щIыб
пхуэзгъэзауэ

Уэ уимыгугъэ:
Бий къыппэтIысам, -
Ем и шэм сигу пхуэкъабзэр
пэщIэздзыну
Арщ сыщIэпIащIэр, семыблэжу псэм.

Уяужь сыкъынэм, си лъэм
самыIыгъыу,
Абдежи уэ си щIыбыр пхуэзгъэзэнщ, -
Ауэ нэмыплъ уэстауэ уимыгугъэ:
Бий къыпкIэлъыуэм -
Си гур пэщIэздзэнщ.

ЦIыхубэ щхьэнтэм зрагъэщI

Гуэзвэгъуэ яшащи мамэ,
Къысхуихьынщ нартыху кIэчан.
Дядэр щыIэщ кIэлъхуоз фермэм,
И гур зэкIэ къэмыча.

Я кIэн къикIым щIылъэм
къоплъыхьыжри,
Тхьэ щыхъуауэ щIылъэм
къалъытэж.
Я кIэн къраудым - доплъеижри,
Я лъэгуажьэр арыххэу йоуэж.

КъэзыщIахэр уафэр «зэрынэщIыр»,
Зылъэгъуаэхр щIыр зэрымынэщI,
«КъыфlагъэщIу» лъагъуныгъэ
хуащIу,
ЦIыхубэм и щхьэнтэм зрагъэщI.

УсакIуэхэр

Зэтемыхуэ усакIуэхэм я бзэр,
Зэтохуэ усакIуэхэм я псэр.
Ирамыхыу я гум хэку лъапсэр,
Псори фIыуэ ялъагъуу яГъаесэр.

Зым ищI кIапэ зауэ къыщыхъум,
Псалъэ-джатэр кърахьр зэщIыгъуу.
Батырыбжьэ кIаIэтыр зэгъусэу, -
ТекIуэныгъэм зыжьэу хуэусэу.

НыбжьэгъуГъэм щыIэкъым пащI,
Щхьэзуэныхь мамырыгъэм зыхуащI.
Гуэзвэгъуэ къэхъуам - зэрогъуэт.
ХьэгъуэлIыгъуэ къэхъуам - зэдыхэтщ.

ЩIэблэр тету я нэIэ къагъэхъу,
ЩылъымыщIэ пэжым къэхъукъым
я хьэузыу.

Яхэмыт зэман блэжым къемыл, -
ЩIым щыхъуащи я псалъэр къабыл!

Гущэ

СыпсэухукIэ мыр си нэгу
щIэкIынкъым:
И пIэм иту гущэр макIуэ... ЩIыхь!
Дунейм зыри тету къыщIэкIынкъым
ЗыкIуа абы нэхъэ нэхъ гъэзгу кIыхь.

Гущэ!
Укъэбауэм - уагъэхъу нэкIэ
Адэ-анэм,
КъыптемыплъэкъукI.
Уи пIэм уиту уэ убакъуэ щхьэкIэ,
Тхьэжьэйм тесми къыпщIыхьэн
лъэмыкI.

Укъилъагъум -
Гъищэ зыгъэщIами,
Балигъ хъуа и бынир игу къегъэкI.
Нобэ зэрышахэр,
Уэ унэщIми,
ЗэщIыкIытэу,
Щэхуу къыпхуоплъэкI.

Жэщым и мазэнэр зэщIигъанэм,
Гущэм зэ къиплъэну зыкърегъэщI.
ХрещI дунеижым и гъуэгуанэм, -
Уэ уи гъуэгум зэи хремыщI!

Вагъуэр
Япэу и деж нэсыфыну
Къышогурыгъэр гущэм илъ сабийм.
Ар къэгъам -
И нэпсыр ирифыну
Зыкъэший пщэдджыжьым дыгъэ
бзийм.

Къэсым гъатхэр -
ГъащIэ сабиигъуэр -
Гущэм хэлъым къеджэу макъ егъэIу:
Къешэж пIащхъуэр,
ЕутIыпщ псыхьэлыгъуэр,
Къурш псыгъэху уэрэдым щIегъэдэIу.

Акъужь жьыбгъэм,
Тхьэмпэм еIущащэу,
Гущэкъу уэрэд абы къыхуеус...
Псалъэ лейм хуэхейуэ
Уэсыр пIащIэу
Къохри уафэм
Хадэм къыщотIыс.

Хъуащ сабийр мы дуней псом и
къэщIи,
Дунейр нэхъри щIалэ зыщIэхъукI:
«Узох сэлам, сымыщIыху
щIэблэщIэ!» -
ЖиIэу Пушкин абы щогуфIыкI.

...Гущэ!
Балигъ хъуам уридыгъуасэщ,
Уи куэщI илъыр поплъэ уи пщэдейм.
ЩIыльэ шэрхьым гудэ
къыхэхункъым
ЩыщIауэ пскIэу гущэ мы дунейм!

СысурэтыщI Iэзэу -
Къызжаламэ:
«ТхуэщI, плъэкIынум, гъащIэм
и сурэт», -
Куэдрэ сыгупсысэу зызмыIэжьэу
СщIынт сэ гущэ, анэ зыбгъэдэт!

Адыгэ пшынэ

Адыгэ пшынэ,
Адыгэ пшынэ,
Си псэм ухэльщ уэ, си гур пхуосакъ.
Лъэпкъыр кIуэдыну сфIощIри
сошынэ,
Зэхэзмыхыжу щытмэ уи макъ.

Дыгъэр хуабэншэм -
Дыгъэжьхъым.
Блэнщ ар мы щIыр кIэрэхъуэху.
Лъэпкъ макъамэншэр -
Лъэпкъыжьхым,
Псэу - Iуащхьэмахуэ псэуху.

Насып къызэтыр сэ уи уэрэдым, -
Си лъэпкъ гурыщIэм и бзэр уэращ.
Зы зэман гъэрым уэ усфIэкIуэдым -
Ди къыр пагэжьхэр бзагъэуэ кьэнащ.

Уэ хьэгъуэлIыгъуэм ущыбзэрабзэм,
Ди Iуащхьэмахуи и бзэр къеутIыпщ.
Уэращ и анэр гурыщIэ къабзэм, -
Еуэ уджпхыум, хъуукIэ нэхущ.

Уэ уи макъамэр нэIусмэ уафэм,
Вагъуэ нэгъунэ яцI исльэмей.
Ди дыгъэр блэхукIэ еуэ уи кьафэм, -
Уэрыншэу гъащIэ сэ сыхуэмей.
1970 гъэ

Адыгэ уэрэдыжьхэр

ЛIыжь гуп зэхэсым яIэтамэ
Андемыркъаныым и уэрэд, -
Къуршыбгъэр, ишэщIауэ дамэр,
ЩIигъэIэу къуаргъэр, сщхьэщолъэт.

ЩIалэ къуданхэм, ягу хыхьауэ,
Къыздыхадзамэ «Iэдииху», -
Сфlощ щIакIуэ фIыцIэм
кIуэщIалъхьауэ
Къуажэкхъэм яхь тхьэрыкъуэ
пщэху.

Хъыджэб зи ишэгъуэм,
убзэрабзэу,
Къуришым гуакIуэу «Нэкъуэлэн», -
Дунейм, согугъэ, и мыхабзэу
ЛъэкIауэ гуауэр щым щIилъхьэн.

Мес Сосрыкъуэ -
Бжьипэм мафIэ
фIэлъу къегъалъэ и Тхъуэжьейр, -
Лъахэ макъамэм ар егъафIэ,
ХигъэкIкъым и псэм лIы хъыжьейр.

Лъэпщ, игъэджэгуу уадэ хьэлъэр,
«Бзэм ептырщ, - жеIэ, - уэ ууейр.
Щрет ар хэтуи -
Гъунэгъу хуэлъэр
Псэунущ мыгъуэу и дунейр».

Ем урителъхьэу уцIыху икIэм,
Ухуейм э - далъэ,
ПфIэфIмэ - бжэ,
Уэ ауан дыджкIэ пщIэмынакIэу
УблигъэкIынкъым ди Хьуэжэ.

И напщIэ кIыпыр хигъэлъэту
Си пащхьэм къитщ Уэзы Мурат:
«Уи лъэпкъым уи гур иумытауэ
Уэ къохъулIэнкъым уи мурад».

...ЩокIуэкI си лъахэм
хьэгъуэлIыгъуэ,
ГуфIэгъуэм гуауэжI зехъуэж, -
Си хэку лIыхъужьхэ, сытым щыгъуи
Ди Iуащхьэмахуэ фогъэпэж.

Сыфхоплъэ.
Согупсысыр куэдым:
«Лъэпкъ адэ Iущхэ, фхуэдэ зы
Къыхэтджьыкъуи сэ уэрэдым
Ихьам бэ пащхьэм -
Арэзы

Мы си псэр хъуауэ,
Си хэку анэр
Нэ гупсэхуитIкIэ Iуплъэжьнт, -
Ирихьжьнт иужь сэлами
Уафэгум пцIащхъуэу ихьэжьнт...

Зэчий лъагэ

Адыгэ усыгъэм и щыгу нэхъ лъагэ дыдахэм Тхьэгъэзит Зубер зэрынэсар жьтIэкIэ абы егъэленныгъэ хэлъу къызыщыхъун тхылъеджэ щыIэу къыщIэкIынкъым. Зубер ящыщщ къэбэрдей усэм и мызакъуэу, адыгэ усыгъэ псом и зыужьынырщэр лъэбакъуэр лъэщкIэ - зыгъэкIуэтахэм, абы псэщIэ хэзыльхьахэм.

ЖьтIам щыхьэт техъуэу щыIэр зы закъуэщ - и Iэдакъэщ Iэкlэхэр щIэджыкIакIуэм нэгъэщIэхэм яйм химыгъэгъуащэр, фIыуэ ильэгъуар. А лъагапIэм ерыщу, и гущIэ емыблэу ар хуэжIащ «Бгым сыдокI» щыжиIа лъэхъэнэм щегъэжьауэ.

Зубер и Iэпэм къыщIэкIхэм уэрыдахьэхыр, ахэр зыгъэльапIэр цIуугъэнагъэркъым, хьэмэрэ жьгъырыуагъэркъым, атIэ сатыр къэс щIэлъ гупсысэ куурщ, тэрэфарагъэр кьыззэмыбжкI и бзэ кьуелей даэрщ. КIэщIу жьпIэмэ, и усыгъэхэм яхэлъ щэнхабзэ лъагэрщ.

Урыс, совет, дунейпсо поэзием и фIыпIэхэм я дерсхэр еджапIэ зыхуэхъуа, щIэныгъэ куу, щэнхабзэ лъагэ зыбгъэдэлъ усакIуэм, дауи, абыхэм яжь гуэр къыщIимыхуу кьэнакъым. КъыщIихуами, абыхэм запищIыжакъым, щапхъэ хуэхъуахэм ядэплъейми, абыхэм емыщхь лъагъуэ, езым и лъагъуэ хишыжащ.

Аращ абы и поэзиер зыгъэлъапIэр, зыгъэдахэр.

ФIыщIэ щIыхуэпщIын куэд хуиIэжьащ Зубер ди литературэм. Абыхэм ящыщ зыщ усакIуэ куэд ди бзэмкIэ къызэригъэпсэлъар. Мы Iуэхум узыщыгуфIыкIын Iуэхугъуитl хэлъщ: япэрауэ, апхуэдэ тхыгъэхэм литературэр нэхъ бей ящI къудейкъым, атIэ анэдэлъхубзэр ягъэлажьэри, бзэм зрегъэужь, тIэпыхужу хуежьа псалъэхэркъгъэщIэрэщIэж, абыхэм гупсысэщIэ гуэрхэр кьаIуатэ мэхъу.

Абы и лъэныкъуэкIэ мыхьэнэпхуэ зиIа Iуэхуу ди литературэм къыщыхъуахэм ящыщу собж Руставели Шота и поэмэ уахътыншэр адыгэбзэкIэ зэрызэридзэкIар. Зи дэтхэнэ сатырри псалъэжь хъуа тхыгъэшхуэр уи бзэм кьибгъэтIэсэн щхьэкIэ, анэдэлъхубзэм и щхэхуэр пщIэн, IэтIэльатIэу кьэбгъэпын, псом нэхъыщхьэрщи, уэ плъагъум къыщымынэу, езыми фIыуэ укъилъагъуу, къыпхуэжьIэщIэу щытын хуейуэ къыщIэкIынц. А псор мы лэжьыгъэм хыболъагъуэ. Аращ поэмэр зы бзэм крахьыу адрейм ираулъэа мыхъуу, а анэдэлъхубзэмкIэ тхам ещхьу дыкъыщIеджэр.

Зубер и Iэхуэщ Iафэхэм дыщытепсэлъыхькIэ, ди журналистикэм хуищIар зыхуэдизыр тщыгъупщэу сэ къыскщохъу. Илъэс куэдкIэ «Советская молодежь» газетым зэрыщыльэжьар, псом хуэмыдэжу «Гуащхьэмахуэ» журналым хуилэжьар зыхуэдизыр. Зубер абы и унафэщIу щытта илъэсхэм ар литературэм зегъэужьыным и гъуэгутъэлъагъуэу къекIуэкIащ. НыбжьщIэ Зубер и литературэм «Гуащхьэмахуэм» щыхачащ. Журналым увыпIэ щагъэутырт, зыщагужьырт литературэм и жанр псоми. КIэщIу жьпIэмэ, журналым и пщэ дэхуэн хуей къаIэн псори дэхуэрт, а псоми пэлъэщырт.

НэгъуэщI зыи. Зэчий зыбгъэдэлъ дэтхэнэ тхакIуэми щIэблэ къыщIэхъуэным щIохъуэпс, абы толажьэ. Нобэ лIыпIэ иува усакIуэ куэдым я япэ лъэбакъуэхэр Зубер и нэIэ тету ячащ. ЛъагапIэ гуэр ахэр нэсамэ, Тхьэгъэзитми и фIыщIи абы хэлъщ.

Мы махуэхэр Зубер и махуэщ, и ныбжьыр лъэхъэнэ дахэ зэритыр ныбжьэгъуэм, фIыщIэ къыхуэзыщI щIэджыкIакIуэхэм къыдагъэльапIэ, къохъуэхъуэр. Ди хьэхъэхуэ абы хэтлъхьэну дыхуейщ: Зубер, уэ уиIэщ дэтхэнэ литераторри зыщIэхъуэпс псори - щIэ лъапIэхэр къыпфIащащ, саугъэтышхуэхэр къуапэсащ, псом нэхъыщхьэ дыдэрщи, щIэджыкIакIуэм фIыуэ укъалъагъуи кIи аиIэ дяпэкIи иулъэ куэдкIэ ди япэ уитыну дыхуейщи, ар Тхьэшхуэм къыпхуищIэ!

МЭЗЫХЬЭ Борис,
КъБР-м и Журналистхэм я зэгъэхьэныгъэм и тхьэмадэ.

КъБР-м и цIыхубэ усакIуэхэу Ацкъан Русланрэ Тхьэгъэзит Зуберрэ къабгъэдэтщ усакIуэ Сонэ Абдулчэрим, тхыдэтх Бетыгъуэн Сэфарбий, КъБР-мрэ КъШР-мрэ я цIыхубэ усакIуэ Созаев Ахъмэт. *2000 гъэ*

● Хабзэм щыщ

ХьэщIэмрэ хьэщIэнышымрэ

Нышым и шхыкIэм хабзэ пыухыкIа иIэщ, ар къуэпхъуатэу пшхыкIэ зэфIэкIыркъым. Адыгэм нышым хабзэшхэу, нэмысшхэу хуищIу щытащ. «ХьэщIэнышы» зыфIищар Iэщ цIыкIуц: мэз, бжэн хуэдэхэрщ. Псом хуэмыдэу нышым и щхьэм нэмысшхэу хуащI адыгэ хабзэмкIэ. Хабзэм идэркъым щхьэр ауэ къызэрыгуэкI дэтхэнэ зы цIыхуми ишхыну. Щхьэм хабзэ пыухыкIа хуагъэуващ, зышхын хуеймрэ гъэбелджылыуэ. Абы и хабзэр умыгъэзащIэмэ, нышым и нэмысыр къутащ. Щхьэ щIэлъэныкъуэр уэ ущыхуейм деж Iэнэм тебгъэувэ хъунукъым. Абы зэман белджылы иIэщ, зыхутрагъэувэнури щхьэхуэщ. Псалъэм папщIэ, хьэщIэм щхьэкIэ е тхьэлъэIу гуэркIэ ныш яукIамэ, нышыр Iэнэм теплъхьэну щыхабзэр ерыскъы псом я ужькIэщ. Нышыр Iэнэм къытехьа нэужь, къыпхуащIэнур и кIэм зэрынэблэгъар къыбгурыIуэн хуейщ. Ауэ нышыр иужь шыгъупIастэу яхь пэтми, абы яужь дыдэ итщ щхьэ щIэлъэныкъуэр. Лыр яшха нэужь, щхьэ щIэлъэныкъуэ ижыр нэгъэуэщI дащIымыгъу тепщэчкIа яхьри Iэнэм трагъэувэ. Щхьэ щIэлъэныкъуэр зэрытрагъэувэн хуейр лIэужьыгъуитI мэхъу. Япэ: нышыр щIаукIар тхьэлъэIу гуэру щытмэ, гупым я тхьэмадэм хутрагъэувэ; етIуанэр: нышыр щIаукIар хьэщIэр арамэ, зыхутрагъэувэр а зыхуаукIа хьэщIэрщ.

ХьэщIэм щхьэр хутрагъэуваув щытми, ар хьэщIэм имыкъутэу гупым я нэхъыжьым хурегъэIуэтэкIри иregъэкъутэ. ЩIхьэр зыхутрагъэувам езым ишхын хуейуэ аракъым. Ар Iыхьищу къутэн хуейщ жызыIи щыIэщ. Ауэ Iыхьиплу къутэн хуейр нэхъ пэжщ. Щхьэ щIэ лъэныкъуэр къыщахькIэ, ар зэракъутэну сэри дэщIыгъуу къахь. ТхьэкIуэмэр къытрауплIыкIри нэхъыщIэхэм ящыщ зыгуэрым ират. ПэнцIывыр къыпащIыкIри ижьырабгъумкIэ щысым ират. НэщIащэмрэ щхьэпхэтIыгумрэ зэрыщIыкIауэ Iэнэм тралъхьэри, зыфIэфIым ишхыну хуитщ.

Ди жагъуэ зэрыхъунщи, нышым апхуэдэу пщIэ иIэжкъым. Ауэ, дауэ щымытми, дэтхэнэ зы адыгэми ищIэн хуейщ «ныш», «щхьэ щIэлъэныкъуэ ижь» псалъэхэм пщIэ, щIыхь ин зэрыхуащIу щытар.

МАХУЭЛI Беслъэн.

Орловский Александр

● Янэу тыдодзэ

Польшэм и дзэм хэт адыгэ зауэлI.
Сурэтыр зыщIар **Орловский Александрщ.** *1794 гъэ*

● Шхыныгъуэхэр

Нартыху хьэжыгъэ губорэ

Нартыху хьэжыгъэр псы къэкъуалъэкIэ, шыгъу е фошыгъу зыхэлъ щэкIэ япщ, тIэкIу ягъэупщIыри, гуэдз хьэжыгъэ щIапщэ. И щхьэр трапIэри, Iэфl къыщIыхьэн щхьэкIэ, щыIапIэм сыхьэти 6 - 8-кIэ ягъэув. Тхьэвыр шэкIэ япщмэ, зэрыщагъэтыр сыхьэтитщ. ИтIанэ я Iэр псы щыIэм хащIэуэрэ хупщынэм мэжаджм нэхъ р нэхъ щыкIыу, пIащIэу Iыхьэхэр къыхащIыкI, сантиметритIщы я Iувагъыуэр. Тхьэ зыщIыуа тебэм иралъхьэри жьэгукIэ е хьэкулъэкIэ ягъажьэ дакъикъэ 33 - 35-кIэ. Губорэр хьэжулъэм иль гъущI хъарым теплъхьэри бгъажьэ хъунущ, зэбгъэдзэкIыуэр. Губорэ жьар тебэм хъарыжри псы щыIэ тIэкIу щахуэ, щIауфэри щабэ хъун щхьэкIэ щагъэпщ. ЗэмыкIуэкIыу куэдз щыIыр. Къалмыкъ шей, шэ, шатэ, шху дашх.

Халъхьэхэр (цIыхуитI Iыхьэ):
нартыху хьэжыгъэу - г 400,
гуэдз хьэжыгъэу - г 50,
псыуэ е шэуэ - г 250-рэ,
шыгъуу, тхъууэ - узыхуейм хуэдиз.

Тхьэмщ!Iыгъу гъэбэкхъа

ШЫУАНЫМ е тебэм тхъу е щэ гъэвэжа иралъхьэри къагъэплъ градуси 120 - 130-рэ хъуху, абы бжьын упщIэта халъхьэ, зэIащIэурэ дакъикъи 3 - 4-кIэ ягъэпльфкъэри цIыкIу-цIыкIуу упщIэта (г 10 - 12) тхьэмщIыгъур халъхьэ. МафIэр ин ящIри, зэIащIэурэ тхъэнплъ хъуху ягъажьэ. ИтIанэ шыгъу, шыбжий плъыжь сыр уба халъхьэ, псы щIыIэ щIакIэ, и щхьэр трапIэри хьэзыр хъуху, дакъикъэ 15-17-кIэ, ягъэбэкхъ. Хьэзыр хъуа шхыныгъуэм джэдгын уба траудэрэ и щхьэр тепIауэ дакъикъэ зыплIытхукIэ щагъэт. Пщтыру Iэнэм трагъэувэ. ЧырмкIэ пластэ, хъэпIамэ, мырамысэ хуабэ, щIакхъуэ дашх.

Халъхьэхэр (зы цIыху Iыхьэ):
тхьэмщIыгъуу - г 300,
тхъуэ е щэ гъэвэжауэ - г 150-рэ,
бжьыныщхьэ укъэбзауэ - г 50,
псы щIыIэу - г 150-рэ,
шыгъуу, шыбжийуэ, джэдгыну - узыхуейм хуэдиз.

КЪУБАТИЙ Борис.

● Псалъэ пэжхэр

Зи акъылыр куум и псалъэр кIэщIщ

♦Угъынанэу къэблэжь псоми къриблэжьри нэпсщ.
♦МыкъуанштI зэи зэщцыхьэркъым.
♦Акъылыр щыгхуримыкъум деж, къарум допхъуэ.
♦Сабийм щыптIагъэр и щыгъыну, ептыр и шхыну, хуэпщIыр и унафэу щымытмэ, гъэса хъуакъым.
♦Нэхъыщ!Iэм нэхъыжь зригъэжьэныр нэмысынщагъэщ.
♦Зи акъылыр куум и псалъэр кIэщIщи, зи псалъэр кIэщIым и акъылыр куущ.
♦Дыгъум зэрыдыгъур къыщицIэжыр къаубыда нэужьщ.
♦Уи псалъэм и уасэрщ уи щхьэм и уасэнури.
♦Зи мыIуэху зезыхуэу дэтыр зи Iэху зыхуэмыщIэжращ.
♦И къулыкъукIэ яIэт пэтми, и акъылкIэ яхуэIэтыртэкъым.
♦Зыкъомым я жыпым напэ гъэтIылъа илъу кърахьэкI, щыхуейм деж зыхуей дыдэр кърахьф.
♦Уи япэкIэ умыплIэу лъэбакъуи умыч.
♦Пэжыр хэт и дежкIи икъукIэ жыIэгъуейщ.

КIУРАШЫН Алий.
ХьэтIохъуцIыкIуей къуажэ

● ГушыIэхэр

Сыкъэушмэ, пщIыхьэпIэт!

Абрэдж гуэр гупым яхэсу игъэхъахэр яхуиIуэтэж пэтрэ, старшынэр хьэщIэщыбжэм Iухьащ. Абрэджым жиIэр щыIэзэхихым, щIэмыхьэу бжэм кIэрыувэри кIэщIэдэIухьащ. Абрэджым иIуэтэжырт пащтыхьым и тетхэм я бийуэ зэрихьа лIыгъэхэр, полицейхэм зэрезэуар, зэраIэщIэкIар.

«Мис иджы гупыр щыхьэту къэзумысащ абрэдж хахуэр», - жиIэу старшынэм бжэр Iуихри щIыхьащ, абрэджыр старшынэм къыхэзрыIуплъэу къызэредэIуар зэуэ къищIри:

- Сыкъэушмэ, пщIыхьэпIэт! - яжриащ къедаIуэ гупым.

Умыщхьэхыу сыту упсэлъэфрэ?

Пащтыхь гуэрым унафэ ищIат: къэралым щхьэхынэу исым хэпльыхьу я нэхъ щхьэхынэ дыдэу тIу къыхуашэну. Пащтыхьым жиIар унафэти, щхьэхынэу къэралым исым хэпльыхьри, нэхъ щхьэхынэ дыдэу тIу къыхахри къыхуашащ. ТIури къэтIысын щхьэхыу плIапIлIэу гум илъ. Пащтыхьыр къыщIэкIри еплъащ, унафэ ищIри гум къырригъэри уиэ нэщI гуэрым щIригъэтхьащ. Ящ!эм кIэлъыплIыну плъакIуи Iуигъэувэжащ. Жэщ куэдрэ махуэ куэдкIэ плъакIуэ якIэлъыплъащ, арщхьэкIэ щхьэхынитIри щылът, замыгъэхъейуэ.

ИтIанэ пащтыхьым унафэ ищIащ аэрэ зыщIэлъ унэм мафIэ щIадзэну.

МафIэр кIуэурэ зым деж нэсри и лым еIэ щыхьащ.

- Си гуГэмкIэ, мафIэ къытщIадзащ, - жиIащ, зимыгъэхъэйуэ здэщыпльым.

- Умыщхьэхыу сыту упсэлъэфрэ? - жиIащ адрейм.

Псалъэзэблэдз

ЕкIуэкIыу: **3**. Зи щхьэгъуэ Хэку зауэшхуэм хэкIуэда фызабэхэм ... куэд ягъэващ. **5**. Пасэрей Iэщэ, фоч, кIэрахьуэ хуэдэхэр къыщамыгупсысам щыIэуэ. **6**. КърахьэлIэжа гъавэм щыщу хэмыщIащэм папщIэ хатыкI Iыхьэ. **7**. Пхъащ!э Iэмэпсымэ. **10**. Бын. **11**. ... вы бжьакъуэм къокI. **13**. Щы къиуда. **15**. Бгым и лъагапIэ. **17**. Пасэрей зэрыпыджэ Iэщэ. **18**. Дэ ... **21**. Ар дыщэпс хуэныкъуэкъым. **23**. Зэпымыууэ къешх уэшх. **24**. Щоджэнщ!ыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и джэгуакIуэ Iэзэу щыта, РСФСР-м щIыхьэзиIэ и артист ... Тимэ. **26**. Псы Iуфэм иIэ щIыпIэ, мывэмрэ пшахьуэмрэ ясеяуэ. **27**. ... цIыкIу бжьакъуэшхуэ. **28**. Хьэуаэз щIэщэщ. **30**. Адыгэ псалъэжьым зэрыжиIэмкIэ, ар лъакъуэнщэщ. **33**. «Къебларэ» жиIэу гуапэу къыпежьа Сэтэней гуащэм Бадинокъуэ мыпхуэдэ жэуап ирет: «СыефакIуэ-ешакIуэкъым, сылэгъынакIуэ щауэкъым, нарт щауэгъу сольыхьэ, ... сриIыхьэкIуэщ, фIым сриIэщакIуэщ». **36**. ЛIы и къуэгъуэ ... и гъуррэ. **39**. Брежневым и хьэмтетыгъуэм а ахъшэ жьгъейм щIакъуэ хужь къыщIэкIыпт. **40**. Къуаргъым нэ хуащIати, ... жиIащ. **41**. Чы упсахуэ. **42**. Игъэува уасэм ерыщу тет, абы пхутемыкI цIыху.

Къехыу: **1**. Лажьи хъати симыIэу унафэщIым ... къыстритхъуащ. **2**. Щхьэусыгъуэ гуэркIэ зи псэупIэр къэзыбгынауэ губгъуэм е мэзым зыщцызыгъэпщкIу цIыхум апхуэдэу еджэу щытащ адыгэр. **4**. Мыщ и къуэ ... **5**. Таурыхъ, ... псысэ, ... **6**. Адыгэ бзылъхугъэ уэрэджьыIакIуэ Iэзэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ артисткэ. **8**. Диным зэрыжиIэмкIэ, псэхэхым апхуэдэу йоджэ. **9**. Уи ... фIэпщ. ... жиIащ. **11**. Чы ... **12**. Къущ, псы зыщIэмыт. **14**. Жэмыр къуэм дэхуати, а псэущхьэр гъырт, жи, «сэращ ар къыдэзыльэфыжынур» жери. **16**. Ди адыгэ щIалэр чемпион зэрыхъуам теухуауэ зэхаха ... хъыбарым псорри щыгуфIыкIащ. **17**. Удз банэ лIэужьыгъуэ. **19**. Зиусхьэн лъэпкъ. **20**. Махуэщ!э. **22**. Хьэвэ щIыкIэу зэтелъха пхырхэр. **25**. Шым и «вакъэ». **26**. ... зэрыщу мэкъумэщIыщIэр губгъуэм ихьащ. **29**. И нэм чы ... хуэдэ, хьийм икIащ. **31**. И тхьэкIумэм ... иригъэпщхьауэ, жепIэр зэхихыркъым. **32**. Iэзэ къашэри ... ирищIщ. **34**. Кхъуей ... е хъарбыз ... **35**. Хьэкъущ!ыкIу. **37**. 19-нэ лIэщIыгъуэм и япэ Iыхьэм псэуа адыгэ щIэнфIэлI, уэзщIакIуэ. Абы и цIэр зэрекэ Налшык и уэрам нэхъыщIэхэм ящыщ зым. **38**. Къэрэшей-Шэрджэсым щыпсэу, хабзэкIи зэпыщIэнытгэкIи адыгэм ди гъунэгъу лъэпкъ.

Зэхэзылъхьар
МЫЗ Ахьмэдщ.

Жэпуэгъуэм и 11-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

ЕкIуэкIыу: **7**. Iэбгъэ. **9**. Нало. **10**. Куржы. **11**. Гъэунэ. **12**. Хъурмэ. **13**. Ахъшэ. **14**. Ерокъуэ. **16**. АкIэ. **18**. Пхъэпс. **22**. Данил. **23**. Къуаат. **26**. Хьэрэм. **27**. Афэ. **28**. Унагъуэ. **31**. Гъашэ. **34**. Къады. **36**. Лагъым. **37**. Заур. **38**. Пшэм. **39**. «ДжонитI».

Къехыу: **1**. Къуэнтхъурей. **2**. Къалэм. **3**. УIэгъуэ. **4**. Тэрэзэ. **5**. КIэрэхъ. **6**. Псыгуэнсу. **8**. Бзум. **15**. КъуанщIэ. **17**. КIэрэф. **19**. Хьэуан. **20**. Кхъулэ. **21**. Пкъы. **24**. Тхьэгъэзит. **25**. Уэзырмэс. **29**. Къуэладжэ. **30**. ХьэмытIэ. **32**. Шууей. **33**. Бгъэн. **35**. Ахъшэм.

Бзэ дапщэ зригъэщIэфыну цIыхум?

● ГъэщIэгъуэнщ

Лондон дэт колледжхэм ящыщ зым лингвистикэмкIэ и профессор Хадсон Дик 2003 гъэм и жэпуэгъуэм упщIэ игъэуат: «Поиглотхэм ящыщу хэт бзэ нэхъыбэ дыдэ зыщIэр?».

«Си адэшхуэрагъэнщI», - къыхуитхыжащ абы зы щIалэм, и цIэ-унэцIэр къраIуэну зэрыхуэмейр кIэщIэту.

США-м щыпсэу щIалэм жиIэрт и адэшхуэ итальянецыр блэкIа лIэщIыгъуэм и 10-нэ гъэхэм Сицилием икIыу Америкэм зэрыIэпхъуар, ар зэи школ зэрыщIэмысар, ауэ бзэхэр зэман кIэщIым къриубыдэу къызэрипхъуэтар. Абы и ныбжьыр щыхэкIуэтам бзэ 70 ищIэрт, абыхэм ящыщу 56-м ориитхэфырт, иреджэфырт.

Ар Нью-Йорк щыIэпхъуам и ныбжьыр илъэс 20 хъуэу арат. ГъущI гъуэгу вокзалым хьэлъэзехьэу щылажьэу арати, лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэу куэдым ящыщ цIыхухэм ирихьэлIэрт, арагъэщI бзэхэм яхуищIа лъагъуныгъэр къызыхкIар.

Хьэлъэзехьэм и Iэхэр фIы дыдэу екIуэкIырт, ахъшэ хъарзыни кIылэжьырт, зрихьэлIэ цIыхухэм елъытауи, бзэхэр ящIырт. Абы и къуэрылъхуэм зэрыжиIэжьмкIэ, 50 гъэхэм адэшхуэмрэ къуэрылъхуэмрэ дунейр мазихкIэ къыззэкIуьащ. Сыт хэрэ къэрал къыщымыхутами - Венесуэлэ, Аргентинэ, Норвегие, Инджылыз, Португалие, Италие, Алыдж, Тырку, Сирие, Мысыр, Ливие, Марокко, ЮАР, Пакистан, Индие, Таиланд, Малайзие, Индонезие, Австралие, Филиппинэр, Гонконг, Японие - дадэр цIыхухэм епсэлъэфырт, бзэр фIыуэ игъэшэрыуэрт.

Таиландым щынэсам лIыжьым тай бзэр ищIэртэкъым, ауэ тхьэмахуитI щыIати, я къэкIуэжьигъуэм ирихьэлIэу псэлъэф хуат. Тхыгъэр зей къуэрылъхуэм дзэм къулыкъу щищIэу Таиландым зы илъэсрэ ныкъуэрэ щыIауэ къэкIуэжати, абы зэрызригъэщIам нэхърэ нэхъыфIу зэгуэр тхьэмахуитIкIэ а къэралым щыIа дадэр псалъэрт.

Полиглотым и къуэрылъхуэм жиIэрт, бзэкэр фIыуэ зыгъэшэрыуэр и адэшхуэм зэримысакъуэр, атIэ абы и адэжми бзэуэ щэм нэблагъэ ищIэу зэрыщытар.

Хадсон профессорым и упщIэм и жэуапу цIыхухэм къыхуатхащ итальян кардинал Меццофанти Джузеппе (1774 - 1849) бзэ 72-рэ ищIэу зэрыщытар, абыхэм ящыщу 39-мкIэ щэрыуэу псэлъэфу къыззэрекIуэкIар. Апхуэдэ дыдэу венгр зэдзэкIакIуэ Ломб Като (1909 - 2003) бзэ 17-м ирипсэлъэфырт, 11-кIэ къеджэфырт. Нэмыцэ Кребс Эмиль (1867 - 1930) бзэ 60 ищIэрт, псалъэм папщIэ, ермэльбзэр тхьэмахуи 9-м къриубыдэу зригъэщIат. Абыхэм яхьубжэ зыхунущ бзэ 24-рэ зыщIэу щытэ нэмыцI щIэныгъэлI Энгельс Фридрихи.

Апхуэдэ цIыху щэджащэхэм «гиперполиглот» яфIищащ Хадсон Дик. Абыхэм профессорым яхебжэ бзих е нэхъыбэ зыщIэхэр. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, ЩIы хъурейм и языныкъуэ пплIанэпэхэм щыпсэужьм бзитху щэрыуэу зыщIэхэр яхэтщ. Псалъэм папщIэ, Швейцарием къэралыбзиплI щыIэщ, ахэри ящIэ, етхуанэу инджылызыбзэри нэхъыбэм зрагъащIэ.

Лингвистхэм, психологхэм, нейробиологхэм зэкъагъэкI апхуэдэ цIыхухэм я щхьэкуцIым и зэхэлъкIэр нэгъэущIу ararэ я егугъуныгъэкIэ зрагъэщIыраурэ. Псалъэм папщIэ, Шлиман Генрих дунейпсо коммерсанту зэрыщытым ипкъ иткIэ, бзэ 15 зригъэщIэн хуей хъуащ, къимыгъэсбэпу хъуртэкъыми. ЗэрыжаIэжьмкIэ, кардинал Меццофанти Италием зэрыщыпсалъэ бзэ нэхъ цIыкIуэм ящыщу зыгуэр зы жэщым зригъэщIат, пщэдджыжьым щхьэпылъэ ящIыну зы щалэ-щIэпхъаджащIэм и иужьрей псалъэхэм щIэдэлъжьын хуейти.

Бзэ куэд зыщIэ цIыхухэм ятеухуауэ мыарэзыныгъэ къэзыIуатэхэр сыт щыгъуи щыIэщ. Апхуэдэу язныкъуэхэм щэч къытрахьэ Меццофанти бзэ 72-рэ ищIэу зэрыщытам. А къомыр зэбгъэщIэн папщIэ зэман дапщэ текIуэдэну? Бзэ къэс псалъэ мин 20 зэрыхэтэр къэплъытэмэ, цIыхум зы дакъикъэм къриубыдэу зы псалъэ зэрыхуэзгъащIэм тепщIыхьмэ, бзэ 72-рэ зэбгъэщIэн папщIэ илъэситхурэ ныкъуэкIэ махуэ къэс сыхьэт 12-кIэ убгъадэсын хуейщ. Апхуэдизыр зэбгъэщIа нэужьи, пщымыгъупщжу урипсэлъэфын щхьэкIэ, зэман дапщэ тебгъэкIуэдэн хуей?!

Лингвистхэм къызэралъытэмкIэ, абы пхуэзфIэмыкIын хэлъкъым. Псалъэм къыдэкIуэу жыпIэмэ, Массачусетскэ технологие институтым (США) щылажьэ Флинн Сюзаннэ къызэрилъытэмкIэ, цIыхум и акъылыр бзэ дапщи хуэзгъэщIэн хуэдэу ухуащ, зэман хурикъымэ. Гарвард университетым (США) щыщ Пинкер Стивени бзэ куэд зэбгъэщIэным ямылей хэлъу къыщыкъуркъым, ауэ зи ухуэкIэкIэ зэщхь бзэхэр пфIыызхэзэрыхьыныкIэ хъунущ.

Китайм щыIэ Германие посольствэм зэдзэкIакIуэу щыпсэжьа, нэмыцI гиперполиглот Кребс и щхьэкуцIым щхьэхуэныгъэ гуэрхэр иIэу къахутащ. Ауэ ар иIэу къалъхуарэ бзэ 60-м щIигъу зригъэщIа нэужь апхуэдэу хъуарэ зыми ищIэркъым.

ДОХЪУШОКЪУЭ Синэ.

Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭФЫЩIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

ЖылаСэ Заурбэч *(редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ)*, **ЖьэкIэмыхьу Маринэ** *(редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ)*, **Ширдий Маринэ** *(редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ)*, **Гъурыжь Мадинэ** *(жэуап зыхь секретарь)*, **Истэпан Залинэ, Къардэн Маритэ, НэщIэныджэ Замирэ, Хьэжьыкъуэ Алик, Щхьэцэмыщ!Изэ.**

Езыгъэтхахэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкIэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхуэхэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Iуэхущ!апIэхэм ядэлэжьэныкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемрэ - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущ!апIэм -42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддэр тхыгъэхэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъу КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 1994 гъэм макъуэуагъуэм и 14-м Печатым и хунтыныгъэр хъумэныкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущ!апIэм №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьыщIэ: **жэуап зыхь секретарь Гъурыжь Мадинэ, редактору НэщIэныджэ Замирэ, корректору Щоджан Инэ** *(1, 4-нэ нап.)*, **Щоджэн Заирэ** *(2, 3-нэ нап.). КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* **Ныр Сандэ, Щомахуэ Марианнэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейр сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 3.626 ● Заказ №2022